Pou Piblikasyon Imedya: 07/08/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOJÈ MODÈNIZASYON KONPLÈ POU RESTORE ESTASYON METWO CHAMBERS ST KI GEN PLIS PASE YON SYÈK

Pwojè a vin posib grasa finansman tarifikasyon pou anbouteyaj

Reyabilitasyon an gen ladan rekonstriksyon estrikti yo, ranplasman mozayik yo ak amelyorasyon eskalye yo

Gade foto Estasyon Chambers St yo isit la

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an ap chèche kontraktè pou konsevwa, konstwi ak reyabilite youn nan estasyon ki pi istorik nan sistèm metwo a – Estasyon Chambers St **JZ** ki te ouvri an 1913. Pwojè renouvèlman konplè sa a pral rebati estrikti yo, ranplase mozayik yo, amelyore eskalye yo epi restore estasyon an depi anwo rive anba, sa gen ladan detay achitekti li yo. Pwojè a fè pati Plan Kapital MTA 2020-2024 la, epi li vin posib grasa finansman tarifikasyon pou anbouteyaj la.

"Pandan plizyè dizèn ane, Chambers St te rete kòm yon moniman vivan ki montre mank envestisman pandan plizyè jenerasyon nan sistèm transpò piblik nou an, kounye a, gras ak finansman ki soti nan tarifikasyon pou anbouteyaj la, sa pral finalman chanje," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen te pwomèt Nouyòkè yo tarifikasyon pou anbouteyaj la pa t ap sèlman netwaye lè nou ak fè trafik la sikile pi vit, li t ap debloke plizyè milya dola envestisman pou amelyore eleman vital vil nou an. Fè pwojè sa a avanse epi bay Chambers St reyabilitasyon li bezwen anpil la pral montre Nouyòkè yo sa ki posib lè nou envesti nan transpò piblik."

Pwojè a pral bay yon reyabilitasyon konplè, ki pral amelyore aparans ak enfrastrikti estasyon an, pandan li prezève detay istorik estasyon an. Estasyon Chambers St la enskri nan Rejis Nasyonal Kote Istorik (National Historic Places) yo, jan Depatman Enteryè Etazini (U.S. Department of the Interior) deklare sa, epi an mwayèn li sèvi 18,196 pasaje nan yon jou lasemèn. MTA a pral bay kontra konsepsyon-konstriksyon an anvan fen ane a. Estasyon Chambers St pami estasyon ki bezwen reparasyon ak reyabilitasyon pi ijan nan tout sistèm metwo a, paske domaj dlo ak plizyè dizèn ane deteryorasyon estriktirèl diminye kalite eksperyans kliyan yo.

Prezidan ak PDG MTA a, Janno Lieber, te deklare, "Chambers St se egzanp ki pi reprezantan estasyon metwo ki fin degrade yo. Grasa tarifikasyon pou anbouteyaj la, finalman nou kapab ba li renovasyon konplè li bezwen pou antre nan 21yèm syèk la."

Majistra Zohran Kwame Mamdani te deklare, "Depi mozayik plafon ki kraze rive nan eskalye ki domaje ak fwit dlo regilye, kondisyon nan estasyon metwo Chambers St yo pa bèl ditou e yo pa diy de vil nou an. Nouyòkè yo merite yon sistèm transpò piblik yo pa oblije sipòte ak difikilte, men pito yon sistèm yo adopte avèk antouzyasm epi ki ede vil nou an kontinye fonksyone, tankou plizyè milye anplwaye Vil la k ap travay di ki konte sou arè sa a pou ale travay epi retounen lakay yo. Nou rekonesan anvè Gouvènè a ak MTA a paske yo fè yon pa enpòtan nan efò sa a, epi nou pa ka tann pou nou kontinye travay avèk yo pou fè sistèm transpò piblik nou an tounen youn tout Nouyòkè kapab fyè de li."

Prezidan MTA Construction & Development, Jamie Torres-Springer, te deklare, "Estasyon istorik Chambers St la gentan anreta anpil pou reyabilitasyon. Sa se dènye egzanp travay enpòtan pou asire sistèm nan rete an bon eta, travay pwogram tarifikasyon pou anbouteyaj la ap fasilite nan tout sistèm nan."

Pwojè a gen ladan travay sa yo:

- Pentire estasyon an
- Mete nouvo kouvèti planche nan kèk zòn nan mezanin piblik yo
- Ranplase oswa modifye eleman estasyon ki deja la, tankou eskalye ak pòt estasyon an
- Ranplase pati estasyon ki domaje epi restore pati istorik estasyon an, tankou mozayik seramik, mozayik dekoratif, dekorasyon an tè kwit, mozayik baz, baz an beton ak mab, ak bòdi yo
- Fè reparasyon estriktirèl, diminye fwit dlo epi amelyore plafon yo
- Enstale nouvo ekleraj nan estasyon an, nouvo kamera epi mete sistèm CCTV ki deja la ajou
- Fè travay preparatwa pou enstalasyon nouvo zèv atistik

Depi peyaj Zòn Soulajman Anbouteyaj te kòmanse an janvye 2025, trafik la diminye epi kalite lè a, sikilasyon pyeton yo, ak endikatè kalite lavi yo, tankou plent pou bri, tout amelyore nan Distri Biznis Santral la. Pwogram nan ap jenere 15 milya dola tou pou Plan Kapital MTA a pou 2020-2024.

Mwa pase a, MTA a te anonse yo bay yon kontra pou konstwi amelyorasyon aksè dapre Lwa sou Ameriken ki Gen Andikap (Americans with Disabilities Act, ADA) nan estasyon metro 3 Av-138 St ak Brook Av **6** yo nan Bronx la epi li te pibliye yon Demann pou Pwopozisyon (Request for Proposals, RFP) pou amelyorasyon aksè ki gen ladan asansè nan senk estasyon metwo nan Brooklyn. Yo te chwazi estasyon yo pou amelyore kouvèti jewografik estasyon aksesib yo nan tout sistèm nan. Tou de pwojè yo vin posib grasa fon tarifikasyon pou anbouteyaj.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.